



The University of the State of New York • The State Education Department

Enfòmasyon pou paran Nouyòk

OKENN TIMOUN PA RETE DEYÈ-LWA 2001 YON REZIME

Lwa yo te pase nan lane 2001, ki rele **NO CHILD LEFT BEHIND (NCLB)**, se yon lwa federal pou amelyore edikasyon tout timoun. Lwa sa a bay lekòl yo responsablite pou rezilta elèv yo, li bay paran yo plis chwa, epi li fè pwomosyon metòd ansèyman ki mache. Nan feyè enfòmasyon sa a, nou bay yon pati nan lwa a ki enpòtan pou paran yo konnen.

NCLB bay lekòl yo ak distrik yo resous

Title I

Title I fè pati lwa NCLB a. Li se pi gwo pwogram federal pou edikasyon elemantè ak edikasyon segondè. Lajan Title I ede edikatè amelyore ansèyman ak jan timoun aprann pou plizyè milye elèv nan eta Nouyòk ki nan kominote ki genyen dezavantaj ekonomik. Kòm paran yo se yon pyès enpòtan nan siksè timoun, lekòl ak distrik ki resevwa lajan Title I yo dwe genyen yon plan pou yo ankouraje paran pou yo patisipe nan edikasyon timoun yo. Plan sa a rele Regleman pou patisipasyon paran. Se yon plan ki nesèsè ni nan nivo distrik ni nan nivo lekòl.

Dapre lwa NCLB, lekòl ki resevwa lajan federal Title I dwe asire yo tout elèv yo reyalize estanda akademik ki avanse. Li ekzije pou lòt pwogram eskolè ki resevwa lajan federal amelyore ranman akademik elèv yo.

NCLB bay lekòl yo plis responsablite nan kesyon rezilta yo

Estanda pou pwogrè

Tout eta yo genyen responsablite pou yo fikse estanda akademik avanse sou sa chak elèv ta dwe konnen. Eta Nouyòk la deja genyen estanda ki wo pou elèv li yo. Chak eta dwe

mezire pwogrè distrik yo ak lekòl yo nan rive reyalize estanda sa yo. Chak distrik, chak lekòl dwe fè **pwogrè ki apwopriye pou ane** a nan reyalize estanda yo.

Definisyon pwogrè apwopriye pou ane a

Dapre lwa NCLB, chak lekòl dwe travay di pou amelyore rannman akademik elèv yo. Chak eta genyen estanda akademik ak objektif akademik pou ane a. Objektif NCLB se pou tout timoun rive nan nivo kote yo bay rannman ki apwopriye nan lekti, kominikasyon ak syans disi 2014. Pwogrè akademik apwopriye pou ane a se nivo amelyorasyon minimòm distrik eskolè ak lekòl yo dwe fè pou yo reyalize objektif sa a chak ane.

Tès chak ane

Tès akademik leta yo mezire kouman elèv yo ap aprann nan lekòl elemantè, lekòl entèmedyè ak lekòl segondè. Rezilta tès yo ede n idantifye lekòl k ap travay byen yo ak lekòl ki bezwen amelyore yo. Nan Nouyòk, elèv lekòl elemantè ak lekòl entèmedyè dwe pran tès leta nan kominikasyon (ELA ann angle) ak matematik nan 4èm ane ak 8èm ane. Nan ayskoul, elèv yo pran egzamen Ridjenns. Dapre lwa NCLB, chak eta dwe teste konesans elèv ki nan 3 èm ane jiska 8 èm ane, yo dwe teste elèv ayskoul, nan kominikasyon ak matematik disi 2005-2006. Disi 2007-2008, elèv 4èm ane ak 8èm ane, elèv ayskoul yo dwe pran egzamen syans tou. Eta Nouyòk deja satisfè ekzijans egzamen syans lan. NCLB pèmèt lekòl yo fè akomodasyon ki rezonab pou elèv ki genyen yon andikap kapab pran tès yo.

Kanè lekòl yo

Lwa NCLB mande tout eta yo pou pibliye kanè sou distrik yo ak sou lekòl yo. Akoz lwa sa a, kanè paran ki nan eta Nouyòk te konn resevwa lontan yo ap genyen plis enfòmasyon. Non sèlman kanè sa yo ap montre kouman elèv yo ap travay men tou y ap montre diferans ki genyen ant rannman akademik diferan gwoup elèv. Y ap montre diferans yo sou baz ekonomik, sou baz ras, sou baz etnik, sou baz konesans nan lang angle, ak sou baz andikap. Kanè lekòl yo ap montre **lekòl ki bezwen amelyore**, elèv ki diplome nan ayskoul ak kalifikasyon pwofesè yo. Paran yo dwe kapab jwenn kanè lekòl yo nan lang yo konprann lan.

Ki konsekans ki egziste pou lekòl ki bezwen amelyore yo

Si yon lekòl Title I pa fè pwogrè akademik ki apwopriye pandan dezan afile nan menm sijè a ak nan menm nivo a, lekòl la ap tounen yon lekòl ki bezwen amelyore. Ak èd

Depatman Edikasyon eta Nouyòk ansanm ak èd distrik la, lekòl la dwe pran mezi pou li amelyore pèfòmans elèv yo. Plan lekòl la pou amelyorasyon an dwe genyen mwayen paran yo, direktè a ak pwofesè yo kapab itilize pou yo ede lekòl la amelyore rannman elèv yo.

NCLB bay paran yo nouvo opsyon

Reta timoun ki nan lekòl Title I ki bezwen amelyore yo gen tandans pou li kontinye ogmante. Lwa NCLB bay paran elèv ki nan lekòl Title I ki bezwen amelyore yo nouvo opsyon.

- **Chwa pou lekòl piblik** se yon nouvo opsyon ki genyen pou elèv ki nan lekòl Title I yo idantifye kòm lekòl ki bezwen amelyore. Paran yo kapab chwazi pou yo transfere pitit yo nan yon lekòl piblik k ap bay pi bon rannman e ki nan menm distrik la. Jeneralman, distrik eskolè a dwe bay timoun lan transpò byenke kapab genyen sèten limitasyon. Paran yo dwe aplike pou transfè a alekri. Si genyen plis aplikasyon pou transfè pase plas ki disponib nan lòt lekòl yo, distrik la dwe genyen yon metòd pou li detèmine ki elèv pou yo transfere.

Si pitit ou a nan yon lekòl Title I ki bezwen amelyore epi lekòl la pa rive fè pwogrè akademik ki apwopriye pou de ane afile, paran yo genyen yon lòt opsyon.

- **Sèvis edikasyon siplemantè** se lesou patikilyè oubyen lòt èd pou elèv ki bezwen ratrape yo nan sijè enpòtan tankou lekti, kominikasyon ak matematik. Yo bay sèvis sa yo apre jounen lekòl la nan diferan lokal. Paran yo kapab chwazi sèvis yo nan yon lis moun ki gen otorizasyon Depatman Edikasyon eta Nouyòk pou yo bay sèvis sa yo. Paran yo pa genyen pou yo peye pou sèvis sa yo. Se distrik eskolè yo ak lekòl chatè yo ki peye pou yo. Men paran yo dwe fè aranjman transpò pou timoun yo nan pwogram sa yo. Si genyen plis aplikasyon pou sèvis edikasyon siplemantè pase espas ki disponib pou elèv yo, distrik la oubyen lekòl chatè a dwe genyen yon plan sou kouman l ap bay elèv Title I ki plis bezwen pwogram sa a sèvis. Elèv ki genyen yon andikap kapab resevwa sèvis edikasyon siplemantè si yo gen eskò ki ba nan tès leta Nouyòk yo.

NCLB rekòmande metòd ansèyman ki mache

Pi gwo kalifikasyon pou pwofesè ak parapwofesyonèl

Pou timoun yo kapab genyen siksè, pwofesè yo fèt pou yo byen prepare. Nan jounen jodi a, genyen kèk distrik ki anplwaye pwofesè ki pa byen prepare pou yo anseye klas yo

genyen yo oubyen pou yo anseye sijè y ap anseye a. Se yon gwo pwoblèm nan lekòl k ap debat pou yo reyalize objektif akademik yo. Dapre NCLB, distrik eskolè yo ak lekòl chatè yo dwe anplwaye pwofesè ak parapwofesyonèl ki gen tout kalifikasyon yo sèlman. Lwa a ofri nouvo resous pou pèmèt pwofesè ak parapwofesyonèl ki pa gen tout kalifikasyon yo pou yo kapab resevwa fòmasyon yo bezwen an.

Pwofesè elèv ki pankò alèz nan angle yo dwe metrize angle. Si yon lekòl genyen yon pwogram edikasyon bileng, pwofesè ki anseye nan pwogram lan dwe metrize angle ak lòt lang elèv yo pale a. Pwofesè yo dwe kapab pale, li, ekri nan toulede lang yo.

Ede tout timoun li byen

Lwa NCLB a bay lekti premye plas pou timoun ki lekòl oz Etazini. Timoun ki gen langaj ki byen devlope epi ki gen ladrès yo bezwen pou yo aprann li lè y ap antre lekòl ap konn li byen. Timoun ki li byen nan klas ki pi ba yo genyen pou yo travay byen lè yo rive nan klas ki pi wo yo. Genyen twòp timoun ki pa kapab li byen. Se yon koze ki vre espesyalman nan lekòl kote y ap anseye timoun ki gen yon dezavantaj ekonomik.

Kòm lekti enpòtan anpil, lwa NCLB a ap finanse de nouvo pwogram lekti, *Reading First* ak *Early Reading First*. Pwogram sa yo baze sou rechèch syantifik ki montre ki kalite metòd ansèyman lekti ki bay bon rezilta. *Reading First* kapab ede pwofesè jadendanfan jiska twazyèm ane amelyore jan yo anseye lekti. *Early Reading First* ap ede pwofesè lekòl preskolè aprann timoun li byen.

Èd pou elèv aprann angle

Konprann angle, pale angle, li angle ak ekri angle se ladrès ki enpòtan pou tout elèv. Elèv ki fèk antre nan peyi a oubyen elèv ki rete nan kay kote se pa angle yo pale kapab bezwen èd espesyal pou yo aprann angle. Dapre NCLB, paran elèv ki pankò alèz nan angle (LEP) ap resevwa enfòmasyon sou pwogram edikasyon bileng ak pwogram angle kòm dezyèm lang (ESL) pou pitit yo. Se dwa paran yo pou yo pran desizyon sou pwogram sa yo.



Feyè sa a se youn nan seri feyè enfòmasyon pou paran NY sou lwa federal sou edikasyon ki rele "okenn timoun pa rete dèyè" (No Child Left Behind, ann angle). Si ou bezwen lòt feyè "...Enfòmasyon", mande direktis lekòl pitit ou a oubyen voye yon lèt elektwonik bay depatman Edikasyon eta Nouyòk la nclbnys@mail.nysed.gov oubyen ale sou sit la <http://www.emsc.nysed.gov/deputy/nclb/nclbhome.htm>. Sit lwa federal No Child Left Behind la genyen yon paj espesyal pou paran <http://www.nochildleftbehind.gov/parents/>.